# FORMILEER WAAJAL NJABOOT

## Xibaar bu am solo ci Yëw

Ab Keyt Xibaar bu Jamp boo Moom mooy ab dokimaa bu simpal waaye am njëriñ lool te ku nekk war ko am. Su fekkee danu laa jàpp, wala nu tëj la, wala bepp beneen jàmpteef, keyt wii danu ko def ngir waajur yi wala njaatigé yi, wala yeneen waa kër yu mag. Dafay joxe ay tur ak nimero telefon yoo xam ne ab fajkat wala jokk jàmpteef dina ko soxlo su fekke mënuloo teew.

**Keytu xibaar biile am na mbir yu mel nii:**

- Tur wi ak sant wi ak bésub judd
- A#, nimero kaawu immigrasiyong
- Alersi, ay garab
- Nimero Asuraans wergu yaram
- Konsulaa Xibaar
- Jàmpteef Jokk

***Formileer wii laajul dëggël wala seede te mën nga ko defal sa bopp ci lu yomb.***

FORMILEER

## Xibaar bu am solo aju ci sa Doom

Niroo ak keytu xibaaru bopp, su fekkee waajur nga wala saytukat, mën nga waajal keytu xibaar ngir say doom tamit.

**Keyt boobu war na am:**

- Tur wi ak santë wi ak bésub judd
- Niméro Sécurité Sosiyal
- Niméro Paaspoor
- Xibaar ci wàllu Wergu Yaram
- Xibaar yu aju ci sa lekol wala yënguteef gannaaw lekol
- Jokk jàmpteef, boole ci sa jokk réew, etc

***Formileer wii laajul dëggël wala seede te mën nga ko defal sa bopp ci lu yomb.***

FORMILEER

## Permisiyong ngir Jël abSek ngir payoor

Formileer bii amul njariñ ludul sudee sek ngay jotee sa saleer. Ci formileer bii, dangay jox nit koo woolu, permisiyong jël sa sek so mënul. Dafa am solo nga wax ak sa patrong lu aju ci li te jox leen formileer bii soo ko bindee ba pare.

**Xibaar/Dokimaa yi nu soxla:**

- Turu këru liggéeeyukaay wala patrong
- Turu patrong
- Tur ak Sant nit ki nga jox permisiyong ngir mu jël sa sek.

**Formileer bii dafa laaj dëggël but soxlawul ay seede.**

FORMILEER




NYIC

*Tegtal bii ngir am ay xibaar rekk moko taxa jóg. Du denkaane yoon. So amee ay laaj yu aju ci sa àqq, sa nekkinu waa kër, wala sa kaa wu immigrasiyong, danga wara wax ak ku xam xamam màcc ci immigrasiyong waala*

NEW YORK STATE | Department of State
Office for New Americans

New Americans Hotline:
1-800-566-7636
Monday – Friday, 9 AM–8 PM EST
MULTI-LINGUAL AND CONFIDENTIAL

# FORMILEER WAAJAL NJABOOT

## Permisiyong ngir xale Tukki

Formileer bii daf lay may permissiyong ngir say doom di tukki te dunu àndak yëw. Mën na nekk ngir njaboot yi bëgga dajoolowaat kepp gannaaw ba nu leen tasee li ko sabab di danu leena jàppoon wala nu déportéleen. Kilifa yi yu mel ni ofisiye immigrasiyong yi ak liggéeykati avion yi yenn saay danuy laaj formileer bii su fekkee ab xale bi dafay tukki moom kese wala dafay àndak keneen ku dul ab waajur, lu melni mbokk wala xaritu . Dafay jëriñ ne firnde ni xale bi nangu nga mu tukki te andoo ci. Waajur wu nekk war na waajal ab formileer bu bokkul ngir doomam bu nekk. Mën nga ko bind lu jiitu nga kay soxla ngir waajal ko.

***Formileer bi war nanu ko xaatim ci kanamu noteer te dafay baax ngir benn at dooree ko bés bi nu ko xaatimee. Formileer bii soxlawul ay seede.***

**Xibaar/Dokimaa yi nu soxla:**

- Tur ak Sant waajur ji
- Adressu waajur ji
- Tur ak sant xale bi
- Besu judd xale bi
- Dëkk ak nimero paaspooru xale bi
- Bërëb bi waral tukki bi ak sababu tukki bi
- Su amee, turu toppatookat bi, paaspooru dëkk bi ak niméro, adarees, telefon, email
- Keytu judd ngir xale bu nekk
- Xëtu paaspoor biografik ngir xale bu nekk
- Xëtu paaspoor biografik bu waajur bi
- Xëtu paaspoor biografik ngir saytukat / watukat / toppatookat
- ndangu gu waajur ji
- Sudee am na, sertifikaat buy wone beneen wajur bi dafa faatu
- Su dee am na ndigalu ëttu àttekaay bi ci saytuka/ jwattu



FORMILEER

Tegtal bii ngir am ay xibaar rekk moko taxa jóg. Du denkaane yoon. So amee ay laaj yu aju ci sa àqq, sa nekkinu waa këř, wala sa kaa wu immigrasiyong, danga wara wax ak ku xam xamam màcc ci immigrasiyong waala

NYIC

NEW YORK STATE Department of State Office for New Americans

New Americans Hotline: 1-800-566-7636 Monday – Friday, 9 AM–8 PM EST MULTI-LINGUAL AND CONFIDENTIAL

# FORMILEER WAAJAL NJABOOT

## Wottu Ndegganiku

Wottu Ndegganiku daf lay may nga joxe beneen mag kilifteef gu doy ci sa doom ju ndaw. Wottukat bi dafay bokk su fekke dong bind nanu ci formileer bi ab jampteef-lu melni waajur ji dafa feebar lool, dafa faatu, wala danu ko jàpp. Su loolu amee, wottukat bi dina am sañ-sañ bu waajur yi am, lu ci melni mëna tukki ak doom bi ci bitim réew, sàkku seeni këyit, nangu paj mi, ak dugal ko ci daara.

Formileer bi dafay baax ci diiru 60 fan gannaaw ba jàmpteef bi amee. Ci diiru 60 fan yooyu, wottukat bi dafa wara yóbbu formileer bi ci Family Court wala Surrogate Court ngir àttekat bi nangu ko. Su àttekat bi nangoo wottu bi, dafay des fi mu nekk ba këru àttekaay bi jël beneen dogal. Ettu àttekaay bi dina jokkoo ak waajur yi ngir dëggal ni ndangu na. Sudee kenn ci waajur yi walla ñoom ñaar mënoo jokkoo ak ñoom (misaal suñu leen jàppee), àttekat bi mën na jël dogal te ñoom bokkul ci. Laata àttekaay bi di jël dogal, dafay amal lànket ci ki nara nekk gardien bi ak seen waa kër, boole ci xool ndax def nañu ñaawtéef, ngir xam ndax wóor nañu te wóor nañu.

Waajur yi duñu ñàkk benn ci seen yelleef, doonte tute bi mingi ci liggéey bi. Soo bëggee fomm formileer bi, dangay yàq ko.

***Formileer bii soxlawul noteer, waaye dañu ko wara siñe ci kanamu ñaari seede yu mag.***

**Xibaar/dokimaa soxlananu leen:**

- Turu waajur yi, adarees, ak niméro téléfon
- Tur wiñ tànn, adres bi, ak nimero telefon bi
- Tur wi yépp ak bis bi xale bi juddoo
- Ñaari seede, seeni tur, seeni dëkkuwaay ak seeni nimero telefon

FORMILEER



# FORMILEER WAAJAL NJABOOT

## Formuleer tànneef bu waajur yi (OCFS-4940)

Fomuleer bii dafay may ab waajur mu jox beneen magbu yàggulkilifteef ngir jël ay ndogal ci wàllu lekol ak pajjëm ci seen doom. Mayul mag ñi tukki ak xale yi, nangu ñu defal leen operaasioŋ, sàkku ay këyit yu melni paspoor, wala jël benn dogal bu weesu njàng ak wérgi-yaram.

Formileer boobu dañu koy faral di jëfandikoo sudee waajur yi mënu ñu toppatoo seen doom ci diir bu gàtt ndax jafe-jafe. Màgg biñ tànn moo mëna jël dogal ci wàllu ekol ak pajum xale bi su amee jafe-jafe. Waajur yi duñu ñàkk benn yelleefu waajur. Formileer bii dafay wéy di dox 12 weer ginaaw bimu tàmbalee xew-xew bi, te mën nañu ko yeesal. Benn ci waajur yi kese moo wara siñe këyit bii, wa ilaa àttekaay bi jël dogal ni dañuy bokk yar doom.

***Ci Etat de New York, fàww ñu joxe këyit bii ci noteer, waaye soxla wuñu seede.***

**Xibaar/Dokimaa yi nu soxla:**

- Turu waajur yi, adarees, ak niméro téléfon
- Tur ak sant toppatookat, adares ak nimero telefon
- Tur ak sant ak bésub judd xale yi
- Sude am na, turu ak santu watukat bi, adares ak nimero telefon

FORMILEER

## Wattu Xaarandi (Bulo) vs. Tànneefu Waajur (Wiolet)

*Amul benn ci ñaari formileer yi bu gëna baax beneen bi, tànneef formileer mingi aju ci sa tolluwaay ak say soxla.*

- Nirro ak nekk waajur. Mën na jël tàneef yu mag ngir ab xale
- Soxlawul jaar ci noteer waaye soxla na ñaari seede
- tàmblai ci 60 bés yu njëkk ci xew-xewu jàmpteef. Suko àttekat bi nangoo dafay, dafay wey ba saa yu nu ko fommee
- Ndangub ëttu àttekaay bimooy soxla

MOO YAM NGIR ÑAAR YEPP

**Waajur yi danuy teyeseeni àqqi waajur**

**Ñaar yepp danuy tàmbali ci sassa gannaaw bi xew-xew jàmpteef bi amee.**

**Waajur yi mën nanu fomm saas su nekk**

- Mën na def kesse tànneef yu aju ci wergu yaram ak njàng
- Dafa soxladem ci noteer, waaye soxlawul ay seede
- Dafay wey ngir 12 weer, waaye mën nanu ko yeesalaat
- Ndangu ëttu àttekaay bi soxla wu nu ko

# FORMILEER WAAJAL NJABOOT

## U.S. Laajum Paaspoor ngir ay xale

Sudee sa doom mingi judd ci Etats Unis, kon doomu Etats Unis la. Sudee amu ñu 16 at, li gën mooy nga ñaan seen passport Etats Unis. Passport dafay may sa doom mu mëna dugg wala genn ci réew mi su ko soxlaa, te dafay nekk firnde ofisel ni doomu Etats Unis lañu ak seen nekkin ci wàllu yoon.

**DS-11**

Formileeru demànd passport bi gëna mag mooy DS-11, te bépp xale bu tolluwul ci 16 at moo koy jëfandikoo. Danga ko wara yónnee sa bopp ci barab bi ñuy nangu paspor, lu melni buro post wala yeneen barab yuñ may ndigal. Waajur yépp dañu wara teew ngir def laajum keyt bi. Sudee waajur yi mënu ñu fa nekk, tutekat bi ci yoon mën na ko fa def itam. Formileer bii soxlawul notari wala seede, waaye képp ku ci laale dafa wara ñëw boppam.

FORMILEER BU MAG DS-11

**Formileer DS-3053**

Sudee benn ci waajur yi mënul ñëw, mën nga jëfandikoo Formileer DS-3053. Formileer bii dafay may benn  ci waajur yi mu may beneen waajur bi mu ñaan paspoor xale bi te kenn du ci nekk. Lii formileer bu am solo la, boo wara waajal bu njëkk sudee amna risku tëj wala tàqale balaa ngay joxe demànd bi. Formileer bii dafa laaj noteer wante soxlawul ay seede.

DS-3053

**Formileer DS-5525**

Sudee kenn ci waajur yi mënul jokkoo wala jokkoo ak moom, wala ñu xamul fuñu nekk, dinga soxla Formileer DS-5525. Formileer bii dañu koy jëfandikoo sudee amul nuñu mëna am ndigalu ñaareelu waajur bi ndax ay jafe-jafe yu amul fenn ci famiy bi. Formileer bii soxlawul notari wala seede, waaye danga wara joxe firnde yu koy jàppale, lu melni kàddu yuy leeral jafe-jafe bi.

DS-5525

**Ngir tëngk:**

- DS-11 mooy formuleer bi nu faral di jëfandikoo su fekkee ñaari waajur yepp teew nanu.
- DS-3053 dafay jàppale su benn ci waajur yi mënul nekk foofu, waaye mën na joxe déggoob noteer.
- DS-5525 danu kay jëfandikoo su fekkee kenn ci waajur yi mënu nu jot ci moom.



# FORMILEER WAAJAL NJABOOT

## U.S. Laaj Paaspoor ngir Ay xale

**Xibaar/Dokimaa yi nu soxla:**

- Sertifikaa juddu bu xale (dafay wane tur waajur yépp)
- ID waajur yépp
- Su amee,wattukat bi jaar yoon
- Nataalu paaspoor bu xale bi.
- Njëg – ab paaspoor ngir xale bu tolluwul ci 16 at mingi tollu ci $135, mën na gëna seer sudee dañu soxla gaaw ci liggéey bi.

**DS-11** (Formuleer bu mag)

- Turu xale, góor wala jigéen, bisu juddu, barabu juddu, nimero social security, njoolaay, melo kawar, melo bët
- Adres, email, nimero telefon
- Turu waajur yi, bésub judd, ak bërëbu judd

**Formileer DS-3053** (sudee benn ci waajur yi mënul nekk foofu ci boppam)

- Tur xale bi, bisu juddu
- Turu waajur yi, adarees, imeel, ak niméro téléfon
- Su amee, turu wattukat, adarees, ak niméro téléfon

**Formileer DS-5525** (Sudee ñaareelu waajur bi mënul jokkoo)

- Turu xale bi, bésub judd
- Laaj tur, adares, imeel ak nimero telefonu Waajur/Wattukat bi
- Baña - laaj tur, adares, imeel ak nimero telefonu Waajur/Wattukat biNomm, adresse, email, ak numéro téléphonique bu jëkk amul
- Kañ ak naka nga mujjee jokkoo ak sa waajur/wattukat legal bi deful laaj?
- Tegtal sa jéem-jéem ngir jokkoo ak waajur/watukat bi deful laaj
- Su amee, leeral ci say xarit/mbokk yi nga jéema jokkoo ak waajur/wattukat bu laajul
- Faram-fàcce ci ni nga jéeme am ndigalu waajur/watukat bi deful laaj bi ak li tax mënuloo ko woon def

